

## Pwotection pou Travayè ki gen Responsabilite Bay Yon Moun Swen

Komisyon Vil New York sou Dwa Imen se yon resous pou ede w ranfòse biznis ou a, pou w vin yon anplwayè ki akeyi tout moun nan travay la, epi konfòme pratik anplwa w yo pou respekte Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York la. Dokiman sa a bay enfòmasyon konsènan nouvo pwotection pou anplwaye ak moun k ap aplike pou travay ki gen responsabilite pran swen yon moun, yon chanjman enpòtan nan lwa a ki afekte pwoesisis anbochay la ak pwoesisis pran-desizyon an.

Koumanse nan dat 4 me 2016, si ou trete anplwaye oswa moun k ap aplike pou travay ki gen responsabilite pran swen yon moun yon lòt jan pase jan w trete lòt anplwaye w yo, y ap konsidere sa kòm yon vyolasyon Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York la.

Selon nouvo dispozisyon sa a, yo pa ka diskrimine kont anplwaye oswa moun k ap aplike pou travay, si:

- Yo se paran yon timoun ki gen mwens ke 18 tan, sa gen ladan tou timoun yo adopte oswa timoun ke yo gen gad li/yo, epi y ap bay timoun sa a swen dirèk oswa swen kontinyèl,  
OSWA
- Ou ap bay swen dirèk oswa swen kontinyèl bay yon paran, yon frè oswa sè, mari w oswa madanm ou, yon timoun (nenpòt ki laj), yon granparan, oswa pitit pitit ou ki gen yon andikap oswa yon moun ki gen yon andikap ki abite avèk ou, epi moun sa a depann de ou pou swen medikal oswa pou reponn a bezwen yo pou yo viv chak jou.

**Yo pa ka diskrimine kont anplwaye ak moun k ap aplike pou travay akòz responsabilite yo genyen pou pran swen yon moun.**

Diskriminasyon kont moun k ap bay swen fèt lè yo baze yo sou sitiyasyon yon moun kòm moun k ap bay swen, pou yo pran desizyon ki gen rapò avèk anplwa, sètadi lè yo deside pa anplwaye oswa pa bay yon moun pwomosyon nan travay la oswa tou lè yon pran kèk lòt desizyon, paske, pa egzanp:

- Li gen timoun lakay li;
- Li gen yon madanm oswa yon mari ki malad;
- Li gen gad timoun oswa li se yon paran adoptif;
- Li se yon paran k ap elve pitit li/yo pou kont li;
- Tout sa baze sou konviksyon ke yon moun ki gen timoun oswa k ap pran swen yon fanmi ki gen andikap p ap yon anplwaye ke w ka konte sou li;
- Tout sa baze sou konviksyon ke manman yo fèt pou rete lakay yo ak pitit yo.

### Èske nouvo lwa sa a kouvri biznis mwen an?

Tout anplwayè ki gen **kat (4) oswa plis anplwaye** nan Vil New York kouvri anba Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York, ikonpri nouvo dispozisyon lwa sa a. Mèt biznis la konte antanke yonn nan kat (4) anplwaye yo. Kat (4) anplwaye yo pa bezwen travay nan menm kote a, epi yo pa bezwen travay nan Vil New York, depi ke yonn nan yo travay nan Vil New York.

### Ki anplwaye ke lwa sa a pwoteje?

Anplwaye yo pwoteje si yo travay aplentan (foultaym) oswa atan pasyèl, si y ap fè estaj (peye oswa ke yo pa peye), kit yo genyen oswa kit yo pa genyen dokiman ki otorize yo travay. Lwa sa a pwoteje laplipa travayè endepandan yo tou.

### Kisa ki entèdi?

- Anplwayè yo pa ka refize anboche w, revoke w, oswa fè diskriminasyon kont moun k ap aplike pou travay oswa kont anplwaye selon kondisyon oswa privilèj anplwa akòz responsabilite yo genyen pou pran swen yon moun.
- Anplwayè yo pa ka bay sèten avantaj, tankou orè fleksib, bay kèk anplwaye epi refize bay lòt anplwaye ki mande yo menm avantaj sa yo akòz yo gen responsabilite pou pran swen yon moun.
- Anplwayè yo pa ka pibliye yon anons oswa afiche yon travay ki liste okenn limitasyon sou moun ke yo pral anplwaye baze sou responsabilite aplikan an genyen pou l pran swen yon moun.

### Kisa ki PA entèdi

- Anplwayè yo PA gen pou yo ofri anplwaye yo akomodasyon akòz responsabilite yo genyen pou pran swen yon moun. Pa egzanp, anplwayè yo pa oblige chanje orè travay yon anplwaye oswa pèmèt yo kite travay bonè paske yo gen responsabilite pou pran swen yon moun. Anplwayè yo PA KA, sepandan, refize akòde avantaj sa yo bay anplwaye ki gen responsabilite pou pran swen yon moun si yo akòde avantaj sa yo bay lòt anplwaye.

*Pou konnen piplis, ale nan sitwèb nyc.gov/humanrights. Ou ka konnen piplis sou responsabilite w yo antanke yon anplwayè selon Lwa Dwa Imen nan Vil New York la epi enskri pou w patisipe nan yon sesyon enfòmasyon gratis.*